



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN REPONN AK TANPÈT IVÈNAL KI KITE PLIZYÈ MILYE REZIDAN KONTE ULSTER SAN ELEKTRISITE

Gouvènè a retounen nan zòn Kingston pou l vizite dega tanpèt la, vizite sant rechofman yo epi bay mizajou sou repons Eta fas ak tanpèt ivènal devastatè ki lakòz entèripsyon sèvis piblik yo ak fèmti wout yo

Tanpèt glas istorik nan Konte Ulster te pote prèske twa ka pous glas plat, sa ki lakòz 65,000 kliyan san elektrisite nan moman pik li

Plis pase 900 Pèsonèl pou pyebwa ak liy k ap travay nan Konte Ulster pou konplete efò pou retabli elektrisite

Gouvènè Hochul jodi a te fè yon sondaj sou domaj tanpèt la, li te vizite yon sant rechofman lokal epi li te bay rezidan Konte Ulster yo yon mizajou, anpil nan yo te san elektrisite pandan wikenn nan akòz yon tanpèt ivènal istorik nan fen semèn pase a ki te pote prèske twa ka pous glas plat nan zòn nan. Tanpèt la te jete pye bwa ak liy elektrik yo, sa ki te kreye blakawout pou 65,000 kliyan nan moman pik li. Gouvènè Hochul te mete aksan sou efò Eta a te fè pou ede rezidan yo rekipere yo ak restore elektrisite yo, tankou voye anplwaye yo entegre Sant Operasyon Ijans Konte Ulster (Ulster County Emergency Operations Center) a, voye Gad Nasyonal pou sipòte operasyon sant rechofman yo, bay DOT ak Pak Eta yo resous pou ede retire pye bwa ki tonbe sou wout yo epi voye Lapolis Eta a pou ede ak kontwòl byennèt.

"Pandan ke yo te retabli elektrisite pou anpil moun nan Konte Ulster, n ap travay 24/24 pou ede plizyè milye kay ki pa ko gen elektrisite." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konte Ulster te resevwa pi move tanpèt ivènal semèn pase a epi pèsonèl jesyon ijans nou yo te travay di pandan wikenn nan pou asire kominote a gen sa li bezwen pou li travèse sa. N ap mete tout resous eta a pou pote kontribisyon nan kad efò rekiperasyon kont tanpèt nou yo epi nou pral kontinye sipòte rezidan Konte Ulster yo nan nenpòt fason nou kapab."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Sou direksyon Gouvènè Hochul, ekip mwen an ak mwen te sou teren an depi vandredi ap travay ak patnè nou yo nan gouvènman an pou bay resous nan Vil Kingston ak nan

Konte Ulster. Mwen ankouraje nenpòt rezidan ki toujou san kouran jodi a ak demen pou yo vizite yon sant rechofman ki tou pre yo pou yo rete an sekirite. Yo te etabli sant rechofman sa ak sipò nou epi yo pral rete ouvè toutotan sa nesesè."

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak tout ekip li a pou repons rapid yo ak sipò enpòtan yo pandan n ap reponn ak youn nan tanpèt ivènal ki pi grav, ki gen gwo enpak ke Konte Ulster deja eksperimante nan omwen yon deseni. Nou pral kontinye travay ansanm pou asire ke sèvis yo retabli byen vit, ke moun ki toujou san sèvis yo ka rete cho ak an sekirite, epi pou nou ede rezidan nou yo nan rekiperasyon apre tanpèt la."

Konte Ulster te etabli sant rechofman 24/7 nan kote sa yo jiska nouvèlòd:

- Andy Murphy Center, 467 Broadway, Kingston, NY 12401
- 2nda Iglesia La Mision Church, 80 Elmendorf Street, Kingston NY 12401
- SUNY New Paltz, Elting Gymnasium, 1 Hawk Drive, New Paltz, NY 12561
- Frank D. Greco Memorial Senior Citizen Recreation Center, 207 Market St, Saugerties, NY 12477
- Woodstock Community Center, 456 Rock City Road, Woodstock, NY, 12498

Sipò adisyonèl Eta New York pou Konte Ulster apre gwo tanpèt ivènal la gen ladan 24 manm Gad Nasyonal pou sipòte operasyon sant rechofman yo; ekip pou koup ak jete pou sipòte netwayaj; yon jeneratè 500kw pou sant rechofma lanwit Andy Murphy nan Kingston lan; ak 180 kabann ak dlo ki soti nan rezèv eta pou sant rechofman yo. DHSES te kowòdone tou transpòt resous Lakwa Wouj yo nan sant rechofman yo, ki gen ladan 75 kabann ak dlo ak manje adisyonèl.

Apati lendi maten, plis pase 7,500 kay te rete san elektrisite nan Konte Ulster. Central Hudson endike ke 95% nan konte a pral gen kouran ki retabli anvan 10 p.m. nan madi. Sèvis piblik la gen plis pase 900 anplwaye liy ak pye bwa k ap travay pou netwaye wout yo ak retabli kouran nan konte a.

Eta New York pral kontinye kowòdone aktivite repons yo sou teren an nan Konte Ulster epi bay gouvènman lokal yo sipò adisyonèl, jan sa nesesè.

Nou ka jwenn Sant Resous Konte Ulster a nan (845)-443-8888.

###